## Chiratidzanguva (Tense sign)

Zviito zvinoitika nenguva sokuti arikuba zinoreva kuti chiitiko ichi chekuba chirikutoitika panguva iyoyo tichizvisiyanisa nokuti akaba kana kuti achaba.
Kunewo zviito zvisinga nguva mazviri:

Zviito zvinemadonzvo anoti:
rekutuma (imperative mood),
rekuita (infinitive mood)
nerekurudziro ( hortative mood).

Heinoi mienzaniso:
kutamba (rekuita)
ngatidyei (kurudziro)
iba (rekutuma)

Pazviito zvinenguva mazviri chiratidzanguva chinobatanidzwa nechichiratidzamuiti sokuti:
ti-cha-b-a va-no-end-a mu-cha-dzok-a
Pamuenzaniso iri pamusoro iyi /ti/, /va-/ na/mu-/ zvitaridzamuiiti.

Mhando dzezvitaridzanguva

a) /-a-/ chiratidzanguva chezvabva kuitika. Zvinhu zvirikutaurwa nezvazvo zvinenge zvaitika pazuva iroro kubva kuvamba kwaro asi zuva racho rinenge richigere kupera.
   Sokuti.
   Ndaenda makuseni.
   Vaenda izvozvi.
b) /-aka-/ Chiratidzanguva chezvaitika.
   Izvi zvinhu zvinenge zvaitika zuva richichangopfuura zvichidzoka kumashure.
   Sokuti:
   Dhora rakadonha.
   Takaenda nezuro.
   /-de-/ (Kururimi reChiKorekore)
   sokuti: Mbavha idepfa payakapfuriwa nepfuti.
   /-ka-/ anogonawo kushandiswa
   sokuti: Vakaenda nezuro.
c) /-no-/ chiratidzanguva chezvinogaroitika.
   Sokuti:
   Vanogara vachirova amai.
   Ndinonzi Rudo.
   Ndinoda kugara mudhorobha.

   VechiKorekore vanoshandisawo /-ne-/
   sokuti: Tisikana tinetamba tegani.

d) /-cha-/ Chiratidzanguva chezvichaitika.
sokuti:
Vachaenda mangwana.
Achabva kwaarikugara ikoko.

e) /-o-/ chiratidzanguva chezvava pedyo kuitika.
Sokuti:
Zvanga zvoda kunaka manje.
Toenda zvedu here?

f) /-ai-/ na/-i-/ Chiratidzanguva chezvaigaroitika.
Sokuti.
Aigara kwaChirumhanzu.
Vaidya nyama chete.

g) /-nga-/ Chitaridzanguva chezvinogona kuitika.
Sokuti:
Ndingamumhan'arira kumapurisa akazviedza.
Tingatoenda tose kumba kwenyu iyezvino.

h) /-chi-/ Chiratidzanguva chezvanga zvichiitika.
Sokuti:
Ndavaona vachitenga motokari.
Takavasiya vachirwisana nevamwe varume.

VeChiKorekore vanoshandisawo /-si-/
Sokuti:
Vanga vasirovana.

Ziva kuti chiratidzanguva chinobatana nechiratidzamuiti
sokuti:

ta -ka- takadya
ti-no- tinoenda